

Konfidansyalite anrapò ak Resansman 2020 an

Nan Resansman 2020 an, repons w ap bay yo ap byen pwoteje, y ap an sekirite, se lwa federal la ki pwoteje yo. Yo ka sèvi avèk yo pou pwodui done estatistik - e pou okenn rezon, yo pap janm sèvi avèk yo kont ou menm. Dapre lwa, tout repons yon moun bay Biwo Resansman Etazini an dwe rete konfidansyèl a sanpousan, kit se pou yon fwaye, kit se pou yon biznis.

Patisipe nan Resansman 2020 an se yon mwayen pou w fasone lavni.

Lè w patisipe nan resansman an, se ede w ede kominote a pou l jwenn finansman li bezwen e se ede w ede biznis yo pran desizyon ki baze sou bonjan enfòmasyon, desizyon ki pèmèt ekonomi an devlope. Enfòmasyon nou jwenn grasa resansman an ap gen yon enpak sou lavi w ap mennen chak jou. Y ap ede pran desizyon enpòtan sou finansman pou kèk sèvis ak enfrastrikti nan kominote w ap viv la. Sa gen ladan l sant sante, sant pou moun ki granmoun, travay, reprezantasyon politik, wout, lekòl ak biznis. Chak ane, se plis pase 675 milya dola gouvènman federal la ki tounen al jwenn eta yo ak kominote yo, sou baz enfòmasyon yo jwenn nan resansman an.



Repons ou bay nan resansman an an sekirite epi yo byen pwoteje.

Lwa fè Biwo Resansman an egzijans pou l pwoteje tout enfòmasyon pèsònèl li jwenn epi pou l kenbe yo konfidansyèl. Biwo Resansman an ka sèvi ak repons ou bay yo sèlman pou l pwodui done estatistik. An reyalyte, chak anplwaye Biwo Resansman an prete sèman pou l pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo avi. Otorite ki plase pou fè respekte lwa yo pa ka gen aksè a repons ou yo pou kèlkeswa rezon an. Epitou, pèsòn pa ka sèvi ak repons ou yo pou deside si w elijib pou w jwenn yon seri avantaj nan men gouvènman an.

Dapre lwa, yo pa gen dwa sèvi ak repons ou yo kont ou.

Dapre lwa, pou kèlkeswa rezon an, pa gen okenn ajans federal ni okenn tribinal ki gen dwa sèvi ak repons ou bay nan kad resansman an kont ou menm. Sa valab pou Biwo Federal pou Envestigasyon (FBI), Ajans Santral pou Ransèyman (CIA), Depatman Sekirite Enteryè (DHS), ak Sèvis pou Aplikasyon Lwa Imigrasyon ak Ladwàn



Lwa a klè sou sa: pèsòn pa gen dwa pataje okenn enfòmasyon pèsònèl.

Dapre Tit 13 ki nan Kòd Lwa Etazini an, Biwo Resansman an pa gen dwa pataje okenn enfòmasyon ki idantifyab konsènan moun, fwaye oswa biznis, menm avèk moun ki plase kòm otorite pou fè respekte lwa.

Lwa a di enfòmasyon yo ranmase yo ka sèvi sèlman pou yo pwodui done estatistik. Yo pa ka sèvi pou okenn lòt rezon.

Dapre Tit 44 Kòd Lwa Etazini an, Biwo Achiv Nasyonal ak Rejis gen dwa pibliye rejis resansman an, kòm sipò pou yon rechèch istorik, sèlman 72 lane apre resansman an.

Tout anplwaye Biwo Resansman an prete yon sèman avi pou yo pwoteje tout enfòmasyon pèsònèl ki nan men yo. Si yo ta gen malè vyole sèman sa a, y ap peye yon amann 250,000 dola epi/oswa y ap pran jiska senkan prizon.

2020CENSUS.GOV

D-1254

Shape
your future
START HERE >

United States®
Census
2020

Etazini (ICE). Dapre lwa, Biwo Resansman an gen obligasyon pou l kenbe enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl epi pou l sèvi ak repons ou bay yo sèlman pou l jwenn done estatistik.

Pa gen eksepsyon.

Lwa fè Biwo Resansman an egzijans pou l kenbe enfòmasyon sou chak moun konfidansyèl. Dapre lwa, pou kèlkeswa rezon an, pa gen okenn ajans federal ni okenn tribinal ki gen dwa sèvi ak repons ou bay yo kont ou menm. Biwo Resansman an p ap pataje repons yon moun bay ni ak ajans pou aplikasyon lwa imigrasyon ni okenn ajans k ap fè aplike lwa. Mete sou sa, li p ap otorize pèsonn sèvi ak enfòmasyon sa yo pou decide si yon moun elijib pou kèk avantaj gouvènman an ap bay. Tit 13 la byen klè : done yo ranmase yo ap sèvi sèlman pou pwodui done estatistik epi nou pa otorize pèsonn sèvi avèk yo pou lòt rezon, menm pou fè aplike lwa.

Se ou k ap chwazi : ou ka bay repons ou yo an tout sekirite sou Entènèt, pa lapòs, oubyen pa telefòn.

W ap gen posiblite reponn sou Entènèt, pa lapòs oubyen pa telefòn. Si gen fwaye ki pa chwazi okenn nan metòd sa yo, gen yon ajan resansman k ap vizite yo pou pran enfòmasyon yo fasafas. Kèlkeswa metòd ou itilize, lwa garanti pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl ou bay yo.

Repons ou bay sou Entènèt yo pwoteje ni kont pirataj enfòmasyon, ni kont nenpòt lòt menas sou Entènèt.

Biwo Resansman an pran anpil prekosyon pou l sekirize repons ou bay sou Entènèt yo. Yo chifre chak done ki monte sou sit la, dekwa pou yo pwoteje vi prive w. Mete sou sa, sit nou an gen sistèm sekirite ki pi djanm epi ki pi modèn nan kesyon pwoteje enfòmasyon pèsònèl. Yonfwa nou resevwa yon enfòmasyon, li pa sou Entènèt ankò. Otomatikman Biwo Resansman an resevwa repons ou yo, objektif nou ak obligasyon legal nou se sekirize yo.

Nou oblije respekte konfidansyalite.

Nan Biwo Resansman Etazini an, nou bay tèt nou obligasyon pou nou kenbe repons ou yo konfidansyèl a sanpousan. Angajman sa a fè ou pa bezwen pè reponn kesyon yo epi ou mèt konnen y ap sèvi sèlman pou pèmèt nou konprann nasyon an epi konprann kominote yo gras ak done estatistik nou ranmase.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram konfidansyalite ak pwoteksyon done Biwo Resansman an nan www.census.gov/privacy.



Lwa ki la pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ki ranmase nan resansman reziste devan difikilte.

An 1982, Lakou Siprèm Etazini te konfime sa : menm adrès moun yo konfidansyèl e pèsonn pa gen dwa rann yo piblik nan kad yon odisyon devan yon tribinal oswa sou baz Lwa sou Libète Enfòmasyon an (Freedom of Information Act). An 2010, Depatman lajistis Etazini te eksplike Lwa Patriyòt la (Patriot Act) pa efase lwa ki pwoteje repons yon moun bay nan kad yon resansman. Pa gen okenn tribinal ki ka bay lòd pibliye repons ki bay nan kad yon resansman.